

KAMWE CHETE ZVAKARE



Maita henyu, zvikuru. Ngatinamatei.

Baba voKudenga, takaungana zvakare nemuZita reMwana weNyu anodikanwa, Ishe Jesu, kuratidza rudo rwedu tichiMunamata zvakare. Tinonamata kuti Mweya waKe ugosangana nesu, uye kuti iYe achatipa mumwe nomumwe chikamu cheMweya iwoyo zvingazogona kutipa nyasha dzinotiraramisa kuti tipedzise rwendo pamwe nokurwa kurwa kwakaiswa mberi kwedu, kurwa kweKutenda. Zviitei, Baba. Uye timedurireiwo, masikati ano, Chingwa cheUpenyu, kutisimbisa, nokuti zvakanyorwa, “Munhu haangarame nechingwa choga, asi neShoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari.” Dai tikanzwa izvozvo, masikati ano, nemuZita raJesu Kristu. Ameni.

² Garai pasi. Ndichitaura pamusoro peHama Carlson, vachangondiunza ndakanonoka nemaminitsi anenge gumi. Vari kuenda vachiita zviru nani. Mumwe musangano wevhiki, tichango...zvichida ndichabata nguva dzokuva pano...?... Tinofara zvikuru nokuda kwemukana wacho.

³ Zvino manheru ano ndiwo manheru edu ekupfigwa kwemusangano uno wacho, uye ndinoda kukuregai muchibuda nguva dzichiripo kuitira kuti mugova nechirairo chenyu—chenyu. Ndinoziva vakawanda venyu munoiti svusvuro yenyu. Asi kana ndikava nesvusvuro, ko zvino chirairo changu chinouzouya papi?

⁴ Zvino, ndakanga ndiri kutaura kune mumwe muchinda, iye akati, “O, Hama Branham, i—svusvuro.”

⁵ “O, ndizvo?” Ndikati, “Ndinoda kukuratidza kuti uri kukanganisa.” Ndokuti, “Hatitori svusvuro yaShe; tinitora chirairo chaKe.”

⁶ Saka ti—tinoda kufunga nezvazvo saIshe, sechirairo chedu, chirairo chaShe usiku huya, kwete mangwanani kana masikati. Ivo, Ivo vakachitora manheru, chaiva chirairo chaKe.

⁷ Zvino, saka tinoda kudzoka nokukasika. Uye saka hatizononoki nhasi manheru, Hama Carlson vachandiunza nenguva dzacho chaidzo nhasi manheru. “Kutenda ndirwo rubatso rwezvinhu zviru kutarisirwa.” Uye handizive, kana Ishe vachida, ndingangoedza kutaura nhasi manheru, kana ndikakwanisa kuwana nguva, yakati kwanei zvisvoma, nezve, *Kuverenga NeNhendashure*. Iyo, nokuti iMharidzo yezvesainzi, duku yandakapiwa naShe yemazuva okupedzisira. Uye zvichida, Ishe vachida, ndingangokwanisa kutaura nezvayo nhasi manheru.

⁸ Zvino, takava nenguva huru kwazvo manheru apfuura. Ndakaenda uko, ndokuti, “Hatisi kuzonamatira vanorwara,” uye Ishe vakapodza varwere zvakadaro, munoona. Amen. Dzimwe nguva tinongogona kutaura chimwe chinhu, asi Ishe vanokwanisa kungozvipidigura chero nguva hayo yaVanoda. Muri kuona, iVo—iVo ndiMwari.

⁹ Zvino ndinoda kuverenga nokukasika kubva muMagwaro, kuitira kachidzidzo kaduku kanda—ndafunga kuti kangava betsero kwatiri masikati ano.

¹⁰ Zvino, kana vakandiunza nenguva dzacho chaidzo, ndinoda kuedza kuzobuda nenguva chaidzo, uye ipapo dzinenge dzave kunge four—thirty, anenge ave maminiti anoda kusvika makumi mashanu kubva zvino.

¹¹ Ngatizarurei zvino uko kuBhuku revaTongi, chitsauko 16, uye ngativerengei ndi—ndima 27 ne 28, patiri kutarisa kuShoko.

Zvino imba yakanga izere navarume navakadzi; namadzishe avaFiristia akanga arimo ose; napamusoro pedenga pana varume navakadzi vane zviuru zvinenge zvitatu, . . . ndokutarira kutamba kwaSamusoni.

Ipapo Samusoni akadana kunaJEHOVHA akati, O Ishe. . . ndirangarirei, ndinokukumbirai, ndisimbisei, ndinokukumbirai, kamwe aka bedzi, O Ishe, kuitira kuti. . . nditswirwe meso angu maviri kuvaFiristia.

¹² Ngatinamatei zvakare. Ishe Jesu, torai zvaverengwa zviduku izvi, mugodiridza Kereke nazvo, Ishe. Tinonamata nokuzvikumikidza kwaMuri, nemuZita raJesu. Amen.

¹³ Paifanira kunge pakanga paine maFiristia anenge zviuru zvitatu, vakatarisa pasi kubva kumusoro panzvimbo inogarwa yehandare huru iyi, apo vaviri vakapinda munhandare masikati iwayo. Raifanira kunge raive zuva raipisa. Zuva rose zvaro vakanga vari kunze ikoko. Zvino muchaunga chikuru ichi, pamusoro penhandare iyi yakavakwa iri muchimiro chinenge chehohwa hwakasunamiswa; uye mbiru yepakati iri pakati, yaibuda kunze zvakadai sezvizi, zvino yobva yabata mbiru mbiri dzakabata vanhu vose vaitarisa kwese zvako; madzishe ehondo akakwenenzverwa zvikuru nemadzimai avo ane zvishongo zvemabwe anokosha zvakanaka. Vose vakakotamira mberi kuchiitiko ichochi, nokuti vaida kunyatsoona zvakanaka, izvo zvakanga zviri kuitika.

¹⁴ Kwakambova nemitambo yehangaruvanze, varaidzo dzose. Zvichida vaiva netutsoko tuduku twa—twaiita tumano tuduku. Uye vaiva nezvinhu zvakasiyana-siyana zvavaivafadza nazvo, kurwa, mutsimba, uye—uye—uye zvichida kurwisana neminondo kusvika pakufa, nezvimwe zvinhu zvakanaka izvo—izvo zvavainge vachivafadza nazvo zuva rose, nokuti rakanga riri zuva guru, asi iye zvino mutambo mukuru wauya.

¹⁵ Munoziva kumirira kwatinoita tichitsungirira apo mitambo yenhangeruvanze painenge ichiendeka. Uye vanomirira mu—mutambo mukuru, ndipo apo munhu wese anogara zvakanaka uye ocherechedza. Tinozviona mushumiro dzedu dzekunamata, paya patinova nokuimba kwedu—kwedu, nezvapupu zvedu, nekuparidza, nezvakadaro; asi chiitiko chikuru kuona izvo Ishe vari kuzoita, kuona izvo zvaAtiunganidzira pamwe chete. Tose tiri pasi pekutarisira kuti tigoona kuti magumo acho achange akadini, chiitiko chikuru. Ndizvo zvazviri muzvinhu zvose. Tinotarisisira nguva dzose chiitiko chikuru.

¹⁶ Zvino vose vakasimuka kuti vatarise mberi, kuti vaone zvainge zviri kuitika, nokuti mutambo mukuru wakanga uri kuunzwa kwavari, zvino chii chavakaona kunze kwemurume aive bofu aitungamirirwa nemukomana muduku.

¹⁷ Mahoro aiva nemaungira masikati ose, nevaifara nekudhakwa, uye kuti vaitambidzana hwiski nedoro ravo rinokora; nemadzimai avo akanaka, aive akapenda uye vaine zvishongo zvemabwe anokosha, nemadzishe makuru ehondo akatsiga, nezvose. Yaive mhemberero huru. Vaipemberera kukunda. O, ndinovenga sei kutaura izvi! Kukunda uko mwari-wehove Dhagoni ainge awana, pamusoro pemuranda waMwari. Zvinonyatsoenda zvichidzika kunosvika zasi chaiko mandiri, kuti ndizvitaure izvozvo, asi ichokwadi. Kupembera nenzira yakadaro, kukunda muranda waJehovha. Chinhu chainyadzisa zvakadini! Kunwa, kufaranuka, nemadzimai akapendwa, uye aine zvishongo zvemabwe anokosha, pamwe nevaremekedzwa vakuru, moto yaibvira pasi pamwari-wehove, uye yaifanirwa kunge yaive mhemberero chaiyo.

¹⁸ Asi chikamu chinogodora moyo, seapo zviuru zvevakore zvazotevera kuti tinofanira kufunga zvakare pamusoro pechiitiko chakaita saichocho, uye apo Mwari mukuru weKudenga, uYo akanga atsunga mumoyo maKe kuparadza rudzi irworwo nokuti vaiva vahedheni, uye vakange vatuma munhu kuti aite basa racho, zvino hepanoi chimupunzo chamwari wehove chakange chiri kupemberera kukunda muranda waJehovha. Jehovha havana kumbokundwa; muranda uyo waVakatuma kuti azviite, akarasikirwa nekukunda.

¹⁹ Maratidzikiro akadini, chaive chinhu chainyadzisa zvakadini! Mujaya akatungamira murume aigumburwa, bofu achipfuura nemuho—horo, kuenda kumburu huru idzi dzepakati, pari apo rose rakaita sezihohwa rakasunamiswa kana sumburera rakanga rakagara, apo vanhu vaitarisa pasi *sezvizvi*, kubva paiva nezvinenge mbiru dzaikwidza mudenga dzakabata chinhu ichi panzvimbo, chakagadzikwa padombo risingagone kugadzirwazve nhasi uno. Hapana aikwanisa kuivaka zvakadaro. Asi chaive chinhu chikuru chakadini! Zvino zviuru zvevaprisita varemekedzwa avo vakanga vashumira chimupunzo, vaine matundundu avo akafutunukira kunze, uye

nemanamatiro pamwe nekupirisa kwavo kwese kuchimupunzo chavo, nokuti akanga akunda Jehovha. Rakava zuva guru rakadini, kunwa, kufaranuka, nokungoenderera!

²⁰ Zvino hepanoi panouya muranda waJehovha, bofu, achigumburwa, achitungamirwa nemukomana muduku, uko kumburu huru iyi, kuti aite mutambo. Chiitiko chikuru chekuvafadza chaive chekuita mutambo kubva kuchinangwa chakagadzwa naJehovha chaizoparadza nyika. Uye, zvakadaro, nyika yakatora chinhu chakanga chaiswa naMwari imomo kuti chivaparadze, uye zvino vakanga vamukunda zvino vakanga vave kumutambisa mutambo, chiitiko chikuru pamhemberero yavo.

²¹ Izvozvo hazvibva zvangokuuraya here, potse, kuti unge wakatarisa kune izvozvo? Kufunga kuti zvakadini, nyaya iyi chaizvoizvo hayaifanira kutombobvira yakataurwa. Asi pamwe yakataurwa kuti—kuti tikurudzirwe, yakanyorwa nenzira iyoyo. Anyadziswa, akagodorwa, amire zvino akakundwa, ipapo pakati pemburu mbiri dzakanga dzakabata chivakwa.

²² Mucherechedzo wakadini wekereke yezuva rino! Mucherechedzo wakadini werudzi rwevanhu vakawa, avo vakazvitengesha kunyika nekuchinhu icho chatiri pano kuti tikunde. Kereke iyo yatengesha hunhu hwayo—hwayo, iyo yatengesha Bhaibheri, yatengesha simba rayo, yakanyatsotambidza munondo wayo, zvino yakamira muchinhanho chokunyadziswa munguva iyo yokuti zviratidzo zvave kusvika zveKuuya kwaJesu Kristu zvave pedyo; pari apo painofanira kunge yakagezwa, pasina gwapa kana kuunyana, yakamira kugamuchira Chikomba chayoy.

²³ Mufananidzo wakadini watiri kuona pano, mucherechedzo wekuwora kwehunhu kuri pamusoro penyika, nyika ino. Uye handisi kuzoedza kugara neMagwaro angu kwenguva yakarebesa, kuitira kuti ndipedze nokukasika. Asi ndinokwanisa kufananidzira izvozvo nekereke, nenyika, nezvematongerwo enyika, nezvose zvaunokwanisa kuisa mawoko ako pazviri nhasi, kunze kweBhaibheri raMwari. Hunhu hwakawora, rudzi rwevanhu pachezvarwo, rwungori muchinhanho chakashata kwazvo!

²⁴ Zvino ipapo pasi pevasingatendi kuti kuna Mwari nevasingatendi vanogona kunongedzera munwe wavo muchiso chekereke, vari ivo vanofanira kuva neMharidzo yanhasi, uye vachivabvunza, “Ko zvose izvi zvinorevei?” Zvino havana mhinduro. Havana mhinduro. Sei? Vakaita sezvakaitwa naSamusoni. Vakanda mapfumo pasi.

²⁵ Saka tomuona akamira apo, uye tinogona kuti, “Saka ndiye Samusoni wacho?” Ngatibatei mufananidzo wacho, murwi uyu mukuru, ane simba. Ngatimufananidzirei, masikati ano, kuti aiva nemapendequete akapamhama, mumhu mukuru kwazvo.

Zvino hepanoi hofori yemurume iyi yakamira apo, akapofomara, akasungwa netutambo tudiki, uye achitungamirwa kuenda pakati penhandare, anyadziwa, agodorwa, akakundwa, paina Mwari mukuru weKudenga akatarisa zasi pazviri. Zasi kuno, vatsoropodzi vake, masoja akadhakwa akatarisa pasi.

²⁶ Ndinofungidzira, pavainge vakamira ipapo, vaFiristia vakawanda vakatombenge vabvunda vari mushangu dzavo, pakunzwa zita rake. Samusoni raive zita rine simba kwazvo, pane imwe nguva; ndizvo zvaimbovawo Chikristu, zvaive kereke. Zvino ndave kuzvienzanisa nekereke, chiitiko ichi. Zita raSamusoni, vanhu vaingofenda, nokuti akanga ari imwe mhando yemurume wokuti vainge vasati vakamboona murume akaita saye. Simba rake raidarika chero chinhu hacho icho nyika yakambova nacho. Hapana chavaiva nacho chaienderana naro. Vazhinji vakamurangerira pavaimutarisa akamira ipapo ari muchinhanho ichocho.

²⁷ Vazhinji vakamutarira kubva munzvimbo dzokugarira uye vachirangerira akamira pane chimwe chinhanho. Rimwe ziva, akamira aine shaya yenyurusi, muruwoko rwake, paine chiuru chevaFiristia vaive vakarara vakamupoterredza, pavainge vatizira kumatombo kuti vawane chengetedzo; akamira, achifambisa minwe yake, “Uyai, kana muchida zvimwe zvechichi!” Asi zvino mutarirei.

²⁸ Vazhinji vevaFiristia, umwe usiku huya hwaakatsveterwa nechipeve kupinda mukati uye mugu—guta reGaza, vakatora masuwo makuru kwazvo aigona kunge achirema matani, ndokumuvharira mukati imomo ndokumubata, zvino ndokutumira kumasoja zvino ndokuti, “Zvino tamubata. Tamupfigira mukati.” Sezvinogara zvichiedza kuitwa nadhiyahbore nguva dzose, kukupfigira mune chimwe chinhu.

²⁹ Asi rangerirai Samusoni paakamuka mangwanani akatevera, kana kuti usiku ihwohwo, waro, achiona kuti akanga apfigirwa mukati. Aikwanisa kunzwa zvakare kuseri kwemusoro wake uye onge achiri kuziva kuti aiva mwanakomana waMwari wesungano, uye hapana chinhu chaikwanisa kumupfigira mukati. Kereke yakambomira yakadarowo, zvakare. Chii chaakaita? Akasimuka, ndokufamba achidzika nomugwagwa, ndokudzipura masiwo kubva maaive akabatirira, zvino ndokuriisa pamapfudzi ake ndokufamba kunosvika pamusoro pechikomo ndokugara pasi.

³⁰ Vazhinji vaive vakamira ipapo masikati iwayo vakarangerira chiitiko ichochi. Asi mutarirei zvino, akapofomadzwa, achitukwa, ungori mutambo wekuitira muvengi. Masimba ake ose aakambova nawo okuzvidzivirira, kuitira budiriro yaMwari yaakanga azvarirwa munyika kuti ave anoita, akanga akumurwa kubva paari nemukadzi.

³¹ Ndinofunga chinhu chimwe chete ichocho chinogona kushandiswawo nhasi, kuti mudzimai anonyebedzera kuva Mwenga waKristu, uye achiisa hwaro hwedzidziso yake ne “mukombe wetsvina dzezvinyangadzo zvake, zvoupombwe hwake.” Arerekera mukombe wehupombwe hwake mumiro mo yekereke yaMwari iyo yakamutsirwa kuratidza zviratidzo nezvishamiso zvaKe, sekuraira kwaJesu kwekupedzisira kwaifanira kuitwa, muna Mariko 16. Uye zvino tinooka kuti akatora boka duku raMwari, rakatendeka ndokuva isa muhurongwa pamwe chete chaizvo sezvaakaita iye pachake, zvino ava navo vakamira vasina kusimira, vachiramba Simba racho, vachiramba Mweya Mutsvene, vachiramba simba rokutaura nendimi, vachiramba Simba re—reMweya Mutsvene rokumutsa vakafa, nekupodza varwere nokudzinga madhimoni. Uye zvino vaFiristia vave pauri, saka uchaitei zvino, wakumurwa?

O, chii chaigona kunge chakaenda nemupfungwa dzemurume uyu!

³² Taona zvaigona kunge zvapfuura nemupfungwa dzevaFiristia. Vakange vamuziva. Apo, ndakanzwa mumwe achisveverera kune mumwe, zvichida, zvino oti, “Ndinorangarira nguva iyo pawaingoti ‘Samusoni,’ muFiristia wese aienda mumwena semakonzo. Ndakambonzwa nguva, tingati, chiuru chevarume vainge vachifora nemugwenga, voti, ‘Samusoni ari kuuya,’ vaikandira zvombo zvavo pasi vomhanyira kunohwanda sokukwanisa kwavo kwese.”

³³ Asi zvino chimutarirai. Ari muchinhano chakashata kwazvo, akasungwa, zvose nokuda kwekuti akarerutsa kumudzimai. Ndizvo zvakazviita kudaro. Mudzimai akamukumura simba rake. Akaramba achiedza kuti aone kuti simba rake raive papi. Aiziva kuti aive murume mukuru, asi vaiva nevarume vakuruwo, zvakare. Asi Dherira uyu, aiva Jezebheri cha—chaiye. Aiziva kuti aishanda sei naye, kumukwezvera kwaari zvino otaura kuti (murume) iye aimuda. Asi, nguva dzose, ainge ari kuedza kuti awane, paiva nesimba rake.

³⁴ Uye ndicho chinhu chimwe chete icho Jezebheri akaita kukereke, ndokutsvaka kusvikira akawana kwaiva kuine simba. Zvino simba riri muShoko. “Shoko ndiMwari.” Zvino pakupedzisira akawana kuti simba racho raive riri papi, zvino ndokuenda naye kuNicaea, Rome, ndokuveura mhotsi dzake dzevhudzi. Uye zvino vatora zvakanga zvasara zvacho, uye kuzvitora kuenda nazvo kuWorld Council of Churches, uye ndokuveurwa mhotsi dzavo dzevhudzi zvakare. Kungoramba vachiveura, kuisa *Izvi* kunze, uye, “*Izvi* hazvirevi *zvakati*. Mazuva eminana akapfuura. Hakuna chinhu chakaita *seichi*, *icho*, *nechimwe*.” Ivo, vakawana paiva paine simba, vachitsivanisa rubhabhatidzo nekukwazisana neruwoko pamwe

nezvimwe zvinhu zvose izvi, panzvimbo yeShoko raMwari rechokwadi risina kusvibiswa.

³⁵ Shoko rino ndiMwari, iro rakapiwa kuKereke yaKe kuti ikunde nyika nemadhimoni, nehurwere, pamwe nokudzinga madhimoni, uye hakuna sangano rakapiwa kuKereke. Shoko ndiro rakapiwa kukereke; ndiRo simba rayo. Asi vakacheka *Ichi*, vakacheka *Icho*, uye vakaveura mhotsi *Iyi*, ndokuveura mhotsi *Iyo*, kusvikira yakamira yakaveurwa nhasi, semusisita wechiKatorike, yakaveurwa, kusvikira yakagamuchira butwa rezvitendwa zvakagadzirwa nevanhu sedzidziso yayo, zviri chaizvo sezvakataurwa nemuporofita kuti yaizoita. Zvino heinoyi yakamira nhasi, yakanyadziswa. Apo Mwari weKudenga akasarudza varedzi vasina chavanoziva, nevamwe vakadaro, uye ndokudzika mune izvozvo nokuZviratidza, kuti Anoramba achingori Mwari, uye havakwanise kupa mhinduro kuungano yavo nezvaZvo nokuti hapana kana sangano razvakabatanidzwa naro. Zvino imire mukunyadziswa, pari ipo payaifanira kunge yakamira musimba rayo.

³⁶ Dai kereke nhasi yamira sezvayakaita neZuva rePentekosti, dai kereke nhasi yamira sezvayakaita mumazuva aIrenio, nemumazuva aMutsvene Marteni, kana mumazuva aPolycarp, apo Kereke yaifora ichipinda chaimo murufu isati yasvibisa chero ripi zvaro Shoko raMwari! Irenio, Marteni, vose varume ava, vakabatirira zvakasimba kurubhabhatidzo mumvura nemuZita raJesu Kristu. Mumwe nomumwe wavo akabatirira zvakasimba kurubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, vaporofita, zviratidzo nezvishamiso.

³⁷ Zvino vabva pazviri nhasi. Chii chakaitika? Dherira akaziva pakanga paine simba. Uye aikwanisa kuita kuti maseminari ayo abve paShoko iroro, kuenda kune dzidziso yebhaibheri yakagadzirwa nevanhu, aiva nayo, zvadaro zvaive nyore kuvasunga nokuvatungamirira muWorld Council Of Churches, iyi kanzuru yezvekunamata.

Unoti, “Hamuna kodzero.”

³⁸ Ndichiri mugari wemuAmerica. Ndine kodzero yekutaura zvandinoda ndakasununguka. Ndizvozvo chaizvo. Zvirokwazvo ndizvo zvandiri. Cherechedzai, ndicho Chokwadi chaicho.

³⁹ O, kuti ainge achinzwa zvakadini, pane izvo zvapakapfuura nemupfungwa dzake, painge akamira ipapo, ari bofu!

⁴⁰ Zvino, Jezebheri aiziva, kana kuti kwete Jezebheri, asi Dherira aiziva, kana akangogona kutushura maziso ake, zvatoringana.

⁴¹ Uye ndizvo chaizvo izvo zvakaikwa naDherira wezuva rino rokupedzisira kukereke, kubvisa meso ayo, kuvimbiso yaMwari, uye ndokukutengesera sangano guru kwazvo renjere. Munhu wese anoda kutenga, . . . oti, “Ndiri nhengo yeFirst church. Ndiri nhengo yezasi *kuno*. Ini . . .” Munoono, chero bedzi kana

dhiyabhore akagona kubvisa meso ako, kuShoko raMwari pamwe nevimbiso yaMwari! Hazvinei kuti zvinoina sohupenzi zvakadini, ivimbiso yaMwari.

⁴² Zvino, handisi kutsigira zvinamoto zvakatsauka, kwete zvachose, asi zvinamoto izvi zvakatsauka zvinozivikanwa nemabasa azvo. Naizvozvowo Kereke yaMwari inozivikanwa nemabasa aYo. Asi ndiri kuedza kutaura izvo zvakaitwa naDherira kuna Samusoni.

⁴³ Zvino ngatitorei divi raSamusoni, kuti zvii zvaifanira kunge zvakapfuura nemupfungwa dzemurume wacho paainge akamira ipapo. Kukunda kwese kukuru kwaakambova nako, kwaifanira kunge kwakapfuura nemupfungwa dzake. Mutambo wavepo zvino, chiitiko chinofadza chamasikati chava pedyo kutanga. Avo vacho vainge vari kuzofadzwa vari kufunga pamusoro pezvaaimbova, uye heunoi akamira pano achifunga pamusoro pezvaaimbova. Asi nokuda kwekuti mumwe mukadzi akamukwezva, mufananidzo wacho washanduka, kune zvawaifanira kunge uri. Mwari vakasimudza Samusoni kuti aparadze nyika iyoyo, ndicho chaive chinangwa chokumuunza.

⁴⁴ Kana Mwari vakangokwanisa bedzi kuwana munhu mumwe chete, ndizvo zvoga zvaVanoda, munhu mumwe chete anokwanisa kuzvipira zvizere kwaVari. Havatori mawuto; haVana kumbobvira vakashandisa izvozvo. Vanoshandisa munhu bedzi.

⁴⁵ Zvino, Samusoni akapa Mwari simba rake kuti ashandise, asi haana kupa Mwari moyo wake. Akapa moyo wake kuna Dherira, uye ndokupa simba rake kuna Mwari.

⁴⁶ Unofanira kupira munhu wemukati, mutumbi, mweya, simba, zvose zvauro, pakuda kwaMwari, wova musungwa kwaAri. Uri kuzova musungwa wemumwe munhu. Hausi muridzi wako pachako. Uri musungwa wemumwe munhu. Uri zvichida musungwa wadhiyabhore, uchiziva Chokwadi chino zvino worega kuzvipira kwachiri, kana musungwa ku—kunyika, zvino wozvipira kuna Mwari, chimwe chete chazvo. Uri zvichida musungwa wadhiyabhore, kuchivi, kana kuti uri musungwa waMwari, mukururama. Uri chimwe kana chimwe chazvo.

⁴⁷ Uye zvino Samusoni anofunga nezvekukunda kukuru kwaakambokunda. Pasina kupokana zvakauya mupfungwa dzake zvokuti, paya paakanga ari mukomana muduku, kuti Mwari vakanga vamusimbisa, ndokuudza amai vake izvo zvavaifanira kuita; kuti vasanwe zvinodhaka, kana kuti—kana kuti vangwarire zvanodya, nokuti vakanga vari kuzobara Munazire. Makamiro avaiita vhudzi rake, uye vakamuudza, “Mwanangu, kubudikidza nemhotsi idzi, isungano naMwari, yokuti simba rako richange riri imomo. Rega, kutombozvitaure hako. Rega, kumbotaura chakavanzika chako.

Rega, kutombochizivisa hako. Chero chipi chaunoita, gara nacho.”

48 Jesu Kristu akaudza kereke, kuti, “Matenga nenyika zvichapfuura, asi maShoko aNgu haangatopfuuri. Uye ani naani achabvisa Shoko rimwe chete kubva kwaRiri, kana kuwedzera shoko rimwe chete kwaRiri, chikamu chake chichabviswa kubva muBhuku reHupenyu.” Kereke inofanira kufunga nezvazvo zvino apo takamira munyonganyonga ino, munguva ino munamato bedzi...Kuuya kwaIshe Jesu kusati kwaitika, nenguva ipi zvayo, kuitira Kubvutwa.

49 Kukunda kukuru kwatinogona kunongedzera kumashure, mumazuva akapfuura, munguva dzekuvandudzwa, kare mumazuva ana Ireneo naMutsvene Marteni, Patrick, neavo vakapikisa masangano iwayo.

50 Zvino Luther paakabuda ndokupikisa sangano riya rokutanga, kereke yeKatorike, zvino boka rakamutevera rakanyatsodzokera ndokuita sangano shure kwake.

51 John Wesley paakabuda muchiAnglican, uye, pakangobva Wesley chete, vakaita sangano shure kwake.

52 Zvino Pentekosti yepakutanga yakabuda mumasangano. Raiva shoko rokutuka kwamuri. Asi, “Seimbwa inoenda kumarutsi ayo, nenguruve kumatope adzo,” makanyatsodzokera muchinhu chamakazvarirwa kuti mukunde. Hareruya! Zvinorwadza moyo wanguwo, zvakare, kunyange kudarika kufunga pamusoro pekukunda iko kuya Dhagoni akawana pamusoro paSamusoni. Ndinoona izvo zvakaunzwa naJezebheri kukereke. Uye ndicho chikonzero chokuti simba rose netsinga dzose mandiri, ndiri kuedza kupikisa chinhu ichocho, nokudana kereke iyoyi idzoke kunzvimbo yayo yekutendeuka. Vanamai venyu, vanababa venyu, vakadzingwa kubva mumasangano iwayo. Vakabuda mariri ndokuripikisa, zvino hepano vana vavo vanyatsodzoka ndokunyatsodzokera kuchinhu chavakabuda machiri. Ndokunge uyu usiri here mufananidzo waSamusoni, izvo zvakaitwa naDherira!

53 Tinofanira zvakadini kurega mifungo ichipfuura nemundangariro dzedu, yekukunda kukuru. Handina nguva yekuenda kwazviri, uye ndigochengeta shoko rangu kwamuri.

54 NezvaMwari, akamusimudzira chinangwa ichocho, zvino heunoi akamira pakati pembiru dziya mbiri, akapofomara, akakundwa, anyadziwa. Aive achingori zihofori sezvaingova, asi simba rake rakanga raenda.

55 Kereke iri chero chose hacho, yakasimba pahunhengo kudarika zvayaimbova. Asi ko Shoko riripi, simba, richiratidzwa? Rakadimburwa kubva kwauri, nemasangano enyu anoveura simba.

⁵⁶ Akange akundika Mwari. Haana bedzi kunge akundika Mwari, asi akanga akundika vanhu vake. Aive mukundiki zvachose. Zvino akanga ava musungwa kunyika yacho yaakamutsirwa naMwari kuti aparadze.

⁵⁷ Zvino hepanoi pakamira sangano rokupedzisira rekereke, Pentekosti, masikati ano, rakangokundwa sezvaive zvakaita Samusoni. Munogona kutadza kuzvitenda. Asi kana mukangogona kuzarura pfungwa yenyu kuShoko, muchaona kuti iChokwadi.

Ndokubva vamuita kuti ange achiita mano, kuti zvivafadze.

⁵⁸ Zvokuti pane imwe nguva ndakati, kwete kare. Ava veFull Gospel Business Men, sezvo ndichivada, uye mumagazini ravo, vachinyora, “Mufundisi Baba Mutsvene *Nhingi-nhingi*.” Imi maPentekosti varombo, makanyengereka, mapofu! Ko makamboitwa seiko imi? Hamuzive here kuti Muponisi wedu akati, “Usadana mumwe munhu pano pasi kuti, ‘Baba?’” Hamucheredzi here kuti dhiyabhore ari kungtora mumwe munhu akadzingirwa kunze kwerimwe reayo ari uko, kunze kuno, uye nokungokuitai chiseko? Havasi kuuya mukati. Usarega mumwe munhu achikuudza kuti vari kudaro.

⁵⁹ Idambudziko ripiko rine kereke iyi yakanyengereka? Nyika yakatushura meso ayo. Hamuzive here kuti Jesu akataura kuti izvozvo zvaizoitika? Zvino paya mhandara ivete painopinda kuzotenga mafuta, haina kuawana. Heyo iyo mhandara ivete, Lutherani, Methodisti, Presbyteriani. Havasi kuawana. Vanogona kutaura nendimi pamwe nokusvetuka, asi izvozvo hazvina zvazvinoreva. Ndakaona vahedheni vachiita zvinhu zvimwe chete, nevanamati vadhiyabhore, vachitaura nendimi nekusvetuka, uye vachiimba nokudanidzira; vachinwa ropa kubva mudehenya remunhu, uye vachidana pana dhiyabhore vachitaura nendimi. Musavimba nemanyawi. IShoko raMwari risingapfuuri.

⁶⁰ Heinoi iyi, yakakundwa, sekungokundwa kwakaitwa Samusoni, achiita mano zvino. Satani anotomira hake achivaseka, ndokuti, “Onaiwo, ivo vanoti vanotenda Bhaiubheri. Onaiwo!” Achiudza Ngirozi dzose dzeKudenga, “Onai, onai, ivo—ivo—ivo—ivo, hongu, vatendi veBhaiubheri, mumwe nomumwe wavo, vatarirei vose vachiuya pamwe chete. Ndichavakandira, vose, uko, chaizvoizvo.” Achanyotsovatungamira vachipinda, chaizvo zvakataurwa neGwaro. Vanofanira kudaro. Hevano avo, vakakundwa. Dherira; meso akatushurwa zvokuti havachakwanisa kuona Chokwadi.

⁶¹ Jesu akati kuvaFarisei, “Mune meso, uye hamugone kuona. Mune nzeve, uye hamugone kunzwa.” Sei? Akati, “Nokuti Isaya akataura kudaro.” Akadzokera kuShoko, muporofita. Mwari pachaKe, Jesu Kristu, akadzokera kuShoko remuporofita waKe.

⁶² Uye, nhasi, Mweya Mutsvene uri kudzosa ndangariro dzako. “Vane misoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro enyika kudarika kuda kwavanoita Mwari,” vakadzi, zviso zvakapendwa, vachipfeka zvikabudura, vachiita senyika, vachigera vhudzi ravo, uye vachiita zvakangodaro, “vaine chimiro chehumwari, asi vachiramba Simba racho.” Saka, mabasa ako pachako anoratidza kuti hautendi. Mweya Mutsvene, muShoko, uchinyatsonongedzera chaiko kuShoko zvakare.

⁶³ “O,” iwe unoti, “NdinaWo.” Paunotora mushonga wechirwere, kana ukashaya zvaunoita, zviri nani uchinje mushonga wako, uchafira muzvivi zvako.

⁶⁴ Nyika yacho, chinangwa chaicho, chinhu chacho chaicho chavakasimudzirwa kuti vaparadze, Samusoni, ndiye ave zvino nyakukundwa.

⁶⁵ Uye saka ndizvo zviri kereke! Yakasimudzwa kuti inyadzise, zveasangano nenyika iri musangano, zvino manyatsouya imomo chaimo musangano. Zvino nokuita saizvozvo, hamukwanise kutevera Magwaro, mumwe nomumwe wavo ane pfungwa yakasiyana, saka wakarasiikirwa nesimba rako. Dhiyabhore uya anopofomadza!

⁶⁶ Ndokurega kukwezva kwemukadzi kuchimubvisa pa—paShoko raMwari. Zvino munoti, “Hama Branham, handizvo.” Raiva Shoko raMwari. Dherira akatora Samusoni kubva paShoko revimbiso.

⁶⁷ Uye saka ndizvo zvakaitwa naJezebheri wezuva rino akatora kereke, ndokuikwezva ichibva paShoko revimbiso, Bhaibheri Dzvene raMwari. O, chinhu chimwe chete, chinhu chimwe chete chaizvoizvo! Chii chavakaita? Kurega Jezebheri, anotaurwa nezvake muna Zvakazarurwa 17, Zvakazarurwa, chitsauko 17, kereke yeKatorike inomiririrwa ipapo. Uye vanokutaurirai kuti ndivowo, zvakare. Havadaro... Bhuku ravo pachavo rinodaro. Vanozvitaure zviri pachena. Vangani vakamboverenga chinyorwa chavo pachavo? Unoziva kuti ichocho ichokwadi. [Ungano inoti, “Ndizvozvo chaizvo.”—Mupepeti.] Vanoti kereke yeKatorike inomiririrwa. Ndizvozvo chaizvo. Uye rangarirai, “Yaive amai vemhombwe. Yaive chipfeve, uye naamai vemhombwe.” Munooni, aifanira kunge ari makereke; kwete vakomana, vaiva vasikana, makereke echiProtestanti, “amai vemhombwe.” Pavakangoita sangano, vakaita chinhu chimwe chete chavakaitawo apo, vakazvikumura kubva kuShoko, zvino vonge vave kutevera zvinotaurwa nerimwe sangano.

⁶⁸ Ndinoziva kuti izvi hazvifarirwe, asi iChokwadi. Handina hurongwa hukuru hwemaredhiyo nehurongwa hweterevhizheni, hwekutsigira. Mwari vandibatsire kuti ndisambova nahwo. Ndinongoda chinhu chimwe chete bedzi, zvino irwo rutsigiro

rwa Jesu Kristu, kubudikidza neShoko raKe. NgaAsimbise kuti ndiri kutaura Chokwadi, kubudikidza neShoko raKe; kwete chimwe chinhu chenhema, chekutenda kwekabanga, chechikiribidi; asi Mweya Mutsvene wechokwadi pachaKe, uYo anatora vimbiso yezuva ranhasi oratidza kuti iChokwadi. Ndizvo zvoga zvandinoshuvira kuona. Sezvakataurwa naJesu, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, zvadaro musaNditenda.”

⁶⁹ Zvino bofu! O, munoti, “Hatisi mapofu.” Muri mapofu! Bhaibheri rinotaura kuti ndizvo zvamaive. Muverengi wese weRugwaro anoziva kuti rino iZera reKereke yeRaodhikia. Vangani vanozvitenda izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ipapo, Bhaibheri rakataura kuti, “Kereke yeRaodhikia yaiva bofu, isina kusimira, uye isingazvize.” Ndicho chikamu chacho chakaipa, haitombozvizi. Yakaipa kudarika mamwe ose mazera ekereke aiswa pamwe chete.

⁷⁰ “Nzombe inoziva danga ratenzi wayo, kana imba yemombe, uye nyurusi rinoziva danga raro, uye,” Akati, “vanhu vaNgu havazive.”

⁷¹ Bofu, hupofu hwepamweya! Hupofu kune chii? Shoko raMwari. Vakangopomara sokupomara kwavanogona kunge vari, uye havadi kuRiona. Uye ukavudza; vanoti, “O, hongu, ndiri—ndiri kuda kuzoviita,” asi hapana kana mumwe wavo anozviita. Havagone kuzviita uye vochengeta ruwadzano rwavo musangano; vanovadzingira kunze kwaro chaiko.

⁷² Hapo mudzimai akamira, Dherira akaveura mhotsi dzake. Iye zvino ave—ave nebvudzi rakagerwa; semadzimai ari mairi, chinhu chimwe chete. Zvino chivatarisai, vakakundwa, sezvavainge vari.

⁷³ Vashumiri, vatumwa vepentekosti vemazuva epakutanga, hawaimbofa wakagona kuita kuti varume ivavo vatende kuti vana vavo chaivo vaizoronga maseminari, ayo avaitsoropodza, kubudikidza neShoko raMwari, uye ndokubudamo. Ndizvozvo chaizvo. Chii, kubudikidza nemaseminari aya, chatakawana? Vakaunza nyika mukereke. Mumwe mushumiri mutana aimboimba:

Takaregedzera mbambo, takarerutsa nechivi.

Takaregedzera mbambo, makwai akabuda, asi ko mbudzi dzakapinda sei?

⁷⁴ Makaregedzera mbambo, ndokubva paShoko. Paya Evha paakaregedzera mbambo, pakushandisa njere kwaSatani, rufu rwakapinda; uye mbambo idzo Mwari ainge amupfigira mukati nadzo, raiva Shoko raKe revimbiso. Zvino tatsivanisa nechimwewo chinhu, chitendwa, panzvimbo yeShoko. Amen. Munoziva kuti iChokwadi.

⁷⁵ Chii chatinacho, vanhu vePentekosti nhasi? VanaRicky vakawandisa. Shoko iroro, Elvis naRicky, hamuna kumbonzwa

nezvaro mune mamwe mazuva. Ishoko, izita rezuva rino. Rinoenderana neizvi. Rine zvarinoreva.

⁷⁶ Unoti, “Zita harina zvarinoreva.” Saka sei Akashandura zita raAbrama, kuve Abrahamama? Sei Akashandura zita raSauro kuve Pauro; zita raSimoni kuve Petro? Sei Akashandura Zita raKe pachaKe?

⁷⁷ Sei Akashandura Jakobho kuve Israeri? Kwete kusvikira atoita mutsimba naShe, kwete kusvikira atokunda. Zvino Jesu paakakunda rufu, gehena nebwiwo, Bhaibheri rakati, “Akava neZita idzva.” Uye nepaya Jakobho paakakunda.

⁷⁸ Zvino kana Kereke ikagona kukunda, icharega kutaura ichiti, “Ndiri muMethodisti, muBaptisti, nemuPresbyteriani.” Kana ikagona kukunda zvitendwa zvayo pamwe nenyika zvakaikwevera imomo, ichadzoka kuMwenga waJesu Kristu, Mai Jesu Kristu. Amenii.

Chionwa chinosuvisa zvakadini, patiri kuona Samusoni akamira ipapo!

⁷⁹ Madzimai aiva nevhudzi pfupi, vakapfeka zvikabudura, zvizo zvakapendwa; uye maPentekosti, vachizvidana kuti Makristu, vachiimba mukwaya.

⁸⁰ Ndakanga ndiri muPentecostal Assembly nguva shoma yapfuura, muguta guru umo munogara mumwe murume ane mukurumbira, mukuru. Zvino misangano yacho yakazokura kwazvo, ndakatozouendesa kune nzvimbo yakakura, zvino vaive nekwaya yakasarudzwa yechiPentekosti. Uye havana kumboziva kuti ndaive ndigere zasi seri kwemaketeni, ndichinamata. Zvino ipapo musikana wese mumutsara wevasikana vanenge makumi matatu nevashanu, nevakomana makumi matatu nevashanu, kuti vaimbe *Mhesiya*, aive akapenda kumeso nevhudzi rakagerwa. Zvino David Duplessis paainge ari kutora mupiro wemishinari, vakanga vachiita saBhartimeo bofu, vachimhanya-mhanya zvavo vachifambisa komichi. Avaka vazukuru vechiPentekosti. Uyu handi muranda waMwari wechiPentekosti ane rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Mweya Mutsvene hauite dambe neShoko raWo pachaWo. Haugone, uye ugoramba uri Mweya Mutsvene. Asi ndipo pamasvika. O, Samusoni, imbota fungei zvishoma!

⁸¹ Rangarirai, matepi aya anorekodhwa otumirwa pasi rose. Handisi kungotaura kuboka iri riri pano.

⁸² Samusoni akatanga kufunga pamusoro pokukanganisa kwake. O! Zvino akatanga kufunga pamusoro pezvaaimbove pane imwe nguva.

⁸³ Pentekosti, funga zvawaive makore mazana gumi nemapfumbamwe akapfuura. Kereke, Katorike, Protestanti, fungai zvamaive makore mazana gumi nemapfumbamwe akapfuura, uye mugoona zvamuri nhasi. Nzverai kwechinguva.

Ndinongori nemamwezve maminitisi masere, kuti ndichengete shoko rangu.

⁸⁴ Cherechedzai, asi paainge akamira ipapo, akachema, akatanga kufunga pamusoro pakukanganisa kwake, uye ndokutanga kufunga pamusoro pezvakanga zvaitika kwaari. Akanga ava bofu, nokudaro akanga asisagoni kuona zvachose. Iye, akagamuchira chimwewo chinhu. Nokuda kwerudo rwemudzimai uyu, ndizvo zvakamubata, uye zvarado mudzimai ndokubva amuramba.

⁸⁵ O, muteyo wakadini uyo wandinogona kutaura nezvawo pano, uyo Satani waateya nawo kereke. Kungoita kuti meso ako apofomadzwe kuChokwadi, uye, naizvozvo zvacho, vatokubata zvino. Uye dai waingozviziva bedzi! Rimwe ramazuva ano Mwari vachazviratidza kwauri, kuti munembo wechikara chii. Uh-huh. Cherechedzai, asi kana yangopofomadzwa, heinoi iyo yakamira.

⁸⁶ Zvino hoyo uyo akamira. Zvino akatanga kurangarira zvinhu zvaakakanganisa, paakasiya nzira yakatwasuka, yakatetepa, apo paakanga abva pavimbiso yaMwari. Zvino akadanidzira, “Ishe, tsivai meso angu!” Sei akaita izvi? Aiziva kuti paiva nemukana wezvinokwanisika.

Iye zvino ndipo pandiri kuda kuti muteerere.

⁸⁷ Samusoni anofanira kunge akafunga zvepose paakasiya gwara. Akazviona ipapo, hapana chaachagona kuita zvino. Akazviona, paakanga asiya gwara, zvino akafunga, “Panofanira kunge paine kukwanisika kwekuti Mwari vaizopindura.” Aiziva kuti akagona kutendeuka uye oita kuti Mwari vaone kuti ane urombo nekukanganisa kwake, paiva nekukwanisika kwekuti Mwari vaizongobudirira pavimbiso yaVo.

⁸⁸ Mwari vachazviita. Vari kuzozviita. Zvimwezvo iye zvino, Mwari vari kuzova neKereke iyoyo! Musanetseka, Ichange iripo. Mweya Mutsvene uchange uchifamba saizvozvo muKereke kusvikira Kereke naKristu vachange vave Mweya mumwe chete. Luther akamira ipapo patsoka, mukururamiswa; Wesley ndokumira mukurova kwemoyo kwerudo, kwekucheneswa; asi izvi zvakasimudzwa kusvika kumusoro zvino; munoona, kudarika izvozvo. Akaita sangano, zvino mutariri wemunda akauya ndokudimbura matavi emuzambiringa; vakafa, havana kuzombodzoka zvachose. Havasi kuzombodzoka zvachose. Asi zvakadaro pane mbeu yeUpenyu ipapo iri kuuya.

⁸⁹ Asi, cherechedzai, Samusoni akafunga kuti panofanira kunge paine zvi—zvinokwanisika. Akabata pfungwa yacho.

⁹⁰ Asi chikamu chinowisa ndechokuti, nhasi, kereke haizvibati izvozvo. Havacherechedzi kuti pane mukana wekukwanisika kwerumutsiriro. Havacherechedzi kukwanisika kwacho. Havasati vabata chiratidzo chacho nazvino. Vanongogara.

91 “O,” vanoti, “zvino, Hama Branham, muri kuitei?”

92 O, ndinoziva kuti munouchira mawoko enyu nokuva neungano huru, uye dzichivaima nezvishongo zvenyika. Munofanira kuenda kunzvimbo hurusa. Munofanira kuva nevanonyanyisa kukufadzai, zvikurusa. Munofanirwa kuita *izvi, izvo*, kanawo *zvimwe*. Mufudzi wenyu anofanira kuva mudzidzi wekuseminari ane dhigirii rachiremba. Kana kuti, haukwandise kuudza vavakidzani vako zasi uko kuti mufudzi wako ndemumwewo muchinda muduku akabva mumunda wechibage kunze uko, akaponeswa. Iye ari, “Mufudzi wedu ndiDoctor LL.D. *Nhingi-nhingi*.” Kwandiri, zvinoreva kuti anongori kure zvakadaro kubva pana Mwari. Ndizvozvo zvega, kungove kure zvakadaro, nokuti zvenjere ndizvo zvinomutora kuenda kure. O, muri kubwinya nedzidzo.

93 Uye chimwe chinhu, pamusoro pekuvhangerwa uku kwechimanjemanje kwakawanda nhasi, nzira yose kubva kuPentekosti nzira yose kudzokera, rinongori boka rekunanisira kwechiHollywood. Hongu, zvirokwasvo muri kubwinya naizozvo, sezvishongo zvaive muhoro yamwari wehove Dhagoni. Asi kushonga uku nedzidzo, nekunanisira kwenjere kune kupenya kukuru, kuchiita kuti vose voruzhinji vaone chero kukundika nezvakadaro, zvinhu zvose izvozvo zvakadaro, kunzwisisa Evhangeri nenjere, nezvakadaro, hazviunze Simba raMwari rinoita kuti madzimai varege kunge vaine bvudzi rakagerwa, uye varume vachiita sezvavanofanirwa kuita, vachitora nzvimbo yavo mumba uye vachikudza vana vavo nenzira yavanofanirwa kunge vachiita. Hazviunze Mweya waMwari.

Samusoni akamira ipapo, angori hofori sezvaaingovva kare.

94 Uye kereke imire yakawedzera kusimba nenhengo kudarika zvayaive makore makumi mana apfuura, asi ko Mweya waMwari uripi? O, ini zvangu! Mweya waMwari uripiko mairi? Ndinooona mweya weHollywood. Ndinooona mweya wenyika. Ndinooona mweya wezvinoyevedza. Uchinatsopfuura, ndava nemakore gumi nemashanu ndichiparidza ndichizvipikisa, uye zviri kuwedzera kushata nguva dzose. Ndiri kuzviona, uye ndinoona mweya wacho ipapo. Asi Mweya waMwari uripiko unokwanisa kubata Mwari, unokwanisa kucherechedza Shoko pachezvaRo kana Richinge raratidzwa, unokwanisa kucherechedza Chokwadi? Mweya waMwari bedzi ndiwo unokwanisa kuita izvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Unokwanisa kutora zvinoyevedza, zvakakwenenzverwa, zvekunanisira.

95 Samusoni akanga achingori nemutumbi mukuru sewaakagara ainawo, asi simba rake rakanga rabviswa paari.

96 Kereke, Pentekosti nhasi, yakamira. Ndinotenda, makore matatu apfuura, *Sunday Visitor* yekereke yeKatorike, yakataura kuti vakawana “miriyoni imwe chete yevanhu vakatendeukira

kuchiKatorike mugore rimwe chete, asi Kereke yePentekosti yakawana miriyoni imwe chete nezviuru mazana mashanu, kudarika izvozvo.” Saka, chii chamakawana pamakaiwana? Ndingasva hangu ndava nevashanu vanokwanisa kupira hupenyu hwavo kuna Kristu. Anokwanisa kuita zvakawanda nevarume vashanu, kana munhu mumwe chete, akazvipira, pane zvaAngagona nemamiriyoni makumi mana ari kunze. Ko nhengo dzinorevei? Zvinongoreva chimwe chinhu, kuti makapofodzwa, uye muchiwedzerazve rimwe simba kuchipfeve. Ndizvozvo.

Cherechedzai, kereke nhasi haisi kuda kubhadhara mubhadharo.

⁹⁷ Samusoni akanamata munamato wakafanira, “Ishe, regai ndife nemuvengi uyu.” O, ini zvangu!

⁹⁸ Hezvoka izvo. Haudi kufa pane kuzvikudza kwako. Haudi kufa kuzvinhu zvenyika.

⁹⁹ Zvino, rangarirai, ndiri kutonyatsotaura kuzviuru zvakapoteredza nyika, pandiri kutaura izvi. Maona? Handisi kungotaura muno muChicago. Ndiri kutaura kune pasi rose.

¹⁰⁰ Haudi kufa, asi nzira iyo yoga iripo yokuti pave nemukana wekukwanisika kwerumutsiriro. Iwe Samusoni bofu, hausi kuona here kuti Dherira akapofomadza meso ako? Uye nzira yoga yauchagona nayo kudzosa simba mukereke, ndeyekufa kumuvengi uyo akakuisa mune zvemunyika izvi.

Samusoni akati, “Regai ndife pamwe chete nemuvengi.”

¹⁰¹ Pane mubhadharo mukuru wekubhadhara. Munofanira kufa kuchinhu chakakuunzai muchinhu ichochi. Munofanira kufa kuchinhu chakakuunzai, imi vanhu vePentekosti, apo pamuri masikati ano. Munofanira kufa kwachiri.

¹⁰² Samusoni aitoda kubhadhara mubhadharo kuti awane simba raMwari ridzoke muhupenyu hwake zvakare.

¹⁰³ Handizive kana kereke iri, masikati ano, kutoda kubhadhara mubhadharo uye yofa pamwe nemuvengi, chinhu chacho, mukurumbira wako wose, uye nezvako zvose *izvi*, *izvo*, kana *zvimwe*, kungoti uone simba raMwari richidzoka pauri zvakare, uye wobva wava musungwa waJesu Kristu?

¹⁰⁴ O, ndinonzwa vamwe venyu vachiti, “O, hongu, isu, tiri kuva nerumutsiriro.” Asi rumutsiriro rwemasangano. VeOneness vanoda kutora vose veThreeness nokuvaita vose veOneness. VeThreeness vanoda kutora vose veOneness uye—uye vovaita veThreeness. Church of God inoda kutora vechurch of God of Prophecy. Imwe inoda kutora imwewo yacho, vachigadzira guru sanga- . . . Hamucherechedzi here kuti muri kungogutsa vanhu?

¹⁰⁵ Tiri hama. Hapana sangano rinogona kupatsanura rudo rwaMwari. Tiri hama. “Neizvi vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vaNgu, kana muine rudo mumwe kune mumwe.”

Woti, “Chii chamuri kudanidzira nezvavo zvino?”

¹⁰⁶ Rudo rwunogadzirisa. Kana rudo rwusingagadzirise, ipapo harwusi rudo. Ukaona mwana wako zasi mumugwagwa, zvino worega kumushwapura, iwe—iwe hausi baba vakanaka. Asi amai chaivo kana baba vanomuunza vomurova, vomuzivisa kuti anofanira kubva mumugwagwa, kana kuti anoparara. Ndirwo rudo rwechokwadi. Asi kuti, “Junior, mudiwa, handizive. Iwe, zvichida haufanire kunge uri kunze uko panguva ino yezuva, nguva yekuguma, apo motokari dziri kumhanya kwazvo.” O, hazvina maturo, iwe muparidzi anoteta semukadzi, hauna hushingi hwekutora Shoko raMwari woti chichena chichena uye chitema chitema, chakanaka chakanaka uye chakaipa chakaipa. Asi vanozviita.

¹⁰⁷ Hongu, tine rumutsiriro zvakanaka, asi tarirai hunhu hwenyu mushure merumutsiriro urwu. Harwuvashandure nepaduku pose; vari kutowedzera kubva pana Mwari, uye vachienda kunyika, nguva dzose. Cherechedzai.

¹⁰⁸ Samusoni aiziva zvaizoitika kana munamato wake wapindurwa.

¹⁰⁹ Asi hatisati tacherechedza mubhadharo wacho nazvino. Chii chichazoitika kana Mwari vapindura munamato wako wokuva mwana waMwari wemazvirokwazvo, wechokwadi? Unoziva kuti watobva musangano rako, pakare ipapo. Uye nemadzimai aya aunotamba nawo bridge, nezvimwe zvese? O, kwete! Watoenda, uye ndizvo zvoga. Zviri nani waziva, kutanga.

¹¹⁰ Asi Samusoni akati, “Regai ndife.” Akanga achitoda kubhadhara mubhadharo. Uye aiziva . . .

¹¹¹ Chinyatsoteeresai kuchitaurwa ichi. Aiziva kuti chinhano chake panguva iyoyo chekudzokera shure hachaikwanisa kumisdzana nekupikisa kwenguva iyoyo. Kunyangwe, ainge achingori murume uya sezvaakangogara ari, mumhasuru dzake. Chimiro chake chainge chakakura sezvachakangogara chiri. Aingori nemhasuru huru yaigona kusimuka paruwoko rwake pane chero nguva, pamwe yaive yatowedzera kukura, nokuti ainge achikuya ari zasi mune . . . achiita basa raive rakawedzera pakurema.

¹¹² Tine makereke ari nani, zvivakwa zviri nani nezvimwe zvose, asi simba redu riripi, tichirevera pamweya? O, tinongona kutora vhoti munyika. Chokwadi, tinogona kuita zvinhu izvozvi, asi izvozvo—izvozvo handizvo zvandiri kutaura nezvazvo. Ndiri kutaura pamusoro peHupo hwaMwari hwaicherechedzwa pakati pedu. Ndzivo zvatinofanira kuraramira.

¹¹³ Aiziva kuti chinhano chake chokudzokera shure hachaikwanisa kumisdzana nokupikisa kwenguva iyoyo.

¹¹⁴ Uye saka kereke inozvizivavo zvino. Hatikwanise kuzviita pasi pechinhano chino. Haukwanise kuzviita. Masangano

haasimbise Shoko; rinoramba Shoko. Iro racho sangano pachezvaro rinoramba Shoko parinongoita sangano. Chinhu ichocho pachezvacho bedzi, unobva wangoenda kune rimwe divi, pakutanga pachu. Rinoramba Shoko. Nguva dzose. . .

¹¹⁵ Ndichingori neminiti duku kana mbiri, zvakare. Asi cherechedzai, pandiri kukasika zvino nokuchengeta shoko rangu.

¹¹⁶ Nguva dzose pavainge vose vakamira ipapo, uye pfungwa dzose idzi dzaipfuura nemundangariro dzavo; uye ndine tariro yokuti zvinotumira dzimwe nemune dzako. Havana kucherechedza paya, Samusoni, pfungwa dzake dzakapfuura nemundangariro dzake. Pamwe vakatambidzana bhotoro, ndokunwa zvakare. Madzimai avo akanaka ekuHollywood akamira ipapo nemidzanga yavo iri mumuromo mavo, ndokunge kana kwaive nechinhu chakadaro muzuva iroro; handifunge kuti vakambosvika pakuderera kwakadaro muzuva iroro. Asi ndokusundira bvudzi ravo mudenga ndokunwa zvakare, uye vachidanidzira, “Kaziwa, Joseph, kana John, kana iwe kumusoro uko kumwewo! Takatamba makasa pamwe chete nezuro manheru, kwaiva kunze uko kumutambo mukuru.” [Chibenga patepi—Mupepeti.]

¹¹⁷ “Pane kukwanisika kuripo kwekuti Mwari vachandinzwa. Pane kukwanisika kuripo.” Zvino paakanga achifunga, vaFiristia havana kunge vamucherechedza, paya kamukomana kaduku pakakamusunungura mawoko ake, ndokufamba kachidzokera. Akati, “Isa mawoko angu pambiru.” “Pane kukwanisika kuripo.” O, ini zvangu!

¹¹⁸ Ndinoshuva kuti dai kereke yagona kuzviona izvozvo. Pane kukwanisika kuripo kwerumutsiriro rwemazvirokwazvo.

¹¹⁹ Chii chaakaita? Akasimudza maburi emaziso ake (akanga asina meso) kuna Mwari. Havana kumbocherechedza kufamba kwemiromo yake, paakanga ari kureurura zvakaperera.

¹²⁰ Hatidi kakungoti, “Ishe, ndiregerereiwo naJim, Joe nesu tose. Ameni.” Tinoda kucheneswa kwakaperera, kubvira kupurupiti kusvika kune muchengeti wenzvimbo.

¹²¹ Havana kumbocherechedza misodzi yaimhanya ichidzika ichibva mumaburi umo pane imwe nguva maimbova nemaziso. Havana kumbocherechedza kufamba kwemiromo yake. Meso ake, misodzi yake ine munyu ichiyerera ichidzika pasi kubva mumaburi. Aida kuti Mwari aite kuti Shoko raKe risimbiswe kamwe chete zvakare, kuratidza, sezvandi kutaura kuna Dherira uyu nhasi, kana Samusoni uyu, waro, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi!”

¹²² “Kamwe chete zvakare,” akafunga, “zvaizoitika. Kwete sangano idzva, kwete chimwe chipoka chitsva, asi Shoko rakasimbiswa kubva kwaMuri, Mwari! Ndinoziva kuti Muchiri Mwari. Ndiri bofu. Ndatsauka kubva mugwara. Handikodzeri

kurarama. Regai ndife pamwe nemuvengi uyu. Makandimutsa kuti ndimuparadze, uye ndakaKukundikai, Ishe, asi pane kukwanisika kwokuti Munondinzwa. Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare!” Mukurevesa kuzere akanamata. Aiziva zvakanga zviru kuuya. “Ishe, kamwe chete zvakare iko zvino! Kamwe chete zvakare regai ndione Jesu Kristu sezvaAiva zuro!” Paakanamata munamato iwoyo, uye misodzi ichikunguruka nepamatama ake, nekurevesa kwakadzama mukureurura!

¹²³ Ndizvo zvinodikanwa nekereke. Pupura kuti wakanganisa. Hazvina basa kuti Doctor Jones vanoti kudini, kana mumwewo munhu anoti kudini. Kana uri kunze kweShoko raMwari, zvitaure, kuti wakanganisa. Danidzira, “Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare! Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare! Tsivai hupofu hwangu kumasangano aya! Uye ndipeiwo simba, Ishe, rokuzunguza nyika ino yemasangano, nekusimbisa kweNyū. Ndipeiwo simba, Ishe. Kamwe chete zvakare zviratidzei!”

¹²⁴ Aiziva zvakanga zviru kuzoitika kana munamato wake wapindurwa. Aiziva, mukurevesa kuzere, achichema, “Kamwe chete zvakare, Ishe!” Zvino paakanga ari kunamata, achireurura zvakatendeka, tsinga yose mumutumbi make yakatanga bvunda-bvunda.

¹²⁵ O Mwari, dai Mutumbi waJesu Kristu wagona kumira sechinhu chimwe, uye tsinga yose nenhengo yose yotanga kubvunda-bvunda nerubhabhatidzo chairwo rweMweya Mutsvene zvakare; kwete nenhengo itsva, nokugwinhana chishanu, nechimwe chitendwa.

¹²⁶ Apo simba parakatanga kufamba richipinda mumamhasuru aya makuru, tsinga yoga-yoga yakatanga kumonyoroka. Akatanga kuzvinzwa kuti iye ndiye pachake zvakare, zvino ndokumonyoroka achibuda. Zvino, paakadaro, mudhuri mukuru wakawa.

¹²⁷ Zvose zvatinongoda kuita nhasi, ndeizvo, zvokuona midhuri iyi yemasangano ichiwa, kuenda mukuperera kwakadzama pamberi paMwari, kupodza meso aya akapofomara akapofomadzwa kubva kuShoko raMwari.


¹²⁸ Ndiko kwaiva kukunda kukurusa kwaSamusoni kwaakati ambova nako, nokuti akanga achida kureurura, pamusoro pemuvengi wese kutanga waakaunzirwa kuzoparadza.

¹²⁹ O, Pentekosti, mira panzvimbo yako masikati ano, panzvimbo yako yebasa reShoko raMwari. Tendeuka, udanidzire kwazvo, “Ishe Mwari, kamwe chete zvakare!” Regai ndikuudzei chimwe chinhu. Zviru nani uparadze mhandu yako iyo mhandu yako isati yakuparadza. Ndizvozvo chaizvo. Dzosai misangano yemunamato yechinyakare, kutendeuka chaiko kune humwari, shumiro yepaartari yeusiku hwese. O, Pentekosti, ndinzwe!

Siya, o, siya huwori uhwo Jezebheri akashanda pakati penyu. Husiye, husiye nokukasika, ugodzoka kuShoko raShe, uchibva pane kunanisira uku kwechiHollywood. Tendeuka nemoyo wako wose, uchidzokera kuShoko raMwari. Dzokera kuSimba reMweya Mutsvene. Imi madzimai pfekai semadzimai, imi varume itai sevarume, sevanakomana nevanasikana vaMwari. Tendeukai, o, tendeukai kubva kune hurongwa hwaJezebheri uhwu huri kukudzipai nokukupofomadzai. Mwari tibatsirei kuti tive nokutendeuka kwechokwadi; kwete kwemoyo usina kuperera, haukwanise kuzviita.

¹³⁰ Ndinofunga zvakadini nhasi, panguva iyo ino apo nguva yangu yakwana, tinofanira kumira netsoka dzedu, uye tochema, nemawoko edu ari mudenga, “Ishe, kamwe chete zvakare! Kamwe chete zvakare, O Ishe, kamwe chete zvakare!”

¹³¹ Ngatisimukei, munhu wese ari kuda hake kuzviita, tigoona rumutsiriro; akagadzirira kufa pakunanisira kwechiHollywood uku; munhu wese akagadzirira kufa, kuti aone “Simba raMwari richiuya paZioni, uye nomufaro, makomo Ake ose matsvene hapana chinokuvadza kana chichaparadza.”

¹³² Ngatisimudzei mawoko edu, tidanidzire, “Kamwe chete zvakare, Ishe!” Kamwe chete zvakare, Ishe! Kamwe chete zvakare, Ishe! Kamwe chete zvakare, Ishe, tumirai Mweya Mutsvene, neMhepo huru inovhuvhuta sezvaMakaita neZuva rePentekosti. Amen. [Ungano inoenderera mberi mumunamato nerumbidzo kuna Mwari—Mupepeti.] 

KAMWE CHETE ZVAKARE SHO63-0804A
(Once More)

Mharidzo iyi nehama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo masikati, 4 Nyamavhuvhu, 1963, paMarigold Center muChicago, Illinois, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2018 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org